

Komite Sekou Entènasyonan (IRC) kreye kèk resous pou moun ki nan pwosedi imigrasyon Etazini. Nou swete sa ka ede moun konprann pi byen pwosedi imigrasyon ak dwa yo. Sepandan, enfòmasyon sa a pa ranplase konsèy legal ke ou dwe pran nan men on avoka kalifye oubyen yon reprezantan akredite nan zafè sa a..

Dènnye mizajou Novanm 2024

Eleksyon prezidansyèl 2024 yo te foki sou politik imigrasyon Etazini. Ansyen Prezidan Donald Trump, ki te deklare venkè nan Eleksyon Prezidansyèl yo an 2024, te mande pou politik imigrasyon vini pi sevè epi ogmante depòtasyon.

Ka imigrasyon chak moun inik nan fason pa yo. Tanpri pale ak yon avoka imigrasyon oubyen yon reprezantan legal Depatman Jistis ki akredite sou opsyon ou yo. Èske w pa sèten sou kouman yon nouvo Prezidan ameriken ka afekte estati imigrasyon w lan? Men kèk repons ak sijesyon pou ou:

1. Yon nouvo prezidan pa ka fè okenn chanjman nan politik imigrasyon jiskaske apre jou li prete sèman, 20 Janvyè 2025 lè nouvo prezidan an pral inogire.
2. Gen kèk nan estati imigrasyon yo ki tanporè. Tankou:
 - a. Estati Pwoteje Tanporè (TPS)
 - b. Aksyon Repote pou Arive Timoun (DACA)
 - c. Depa Obligatwa Repote (DED)
 - d. Libete kondisyonel (pafwa yo rele Libète Imanitè oubyen Limit Imigrasyon)

Yon nouvo prezidan ameriken gen pouvwa pou mete fen nan fòm estati tanporè sa yo. Nan kèk ka, sa ka pran kèk mwa oswa plis. Nan lòt ka, Prezidan Ameriken an ka fè chanjman ki afekte moun imedyatman. Li enposib pou predi egzakteman ki lè oswa ki jan politik imigrasyon pral chanje.

3. Èske w gen yon kat vèt/Sitwayènte Ameriken?

Sinon, pale ak yon avoka imigrasyon oubyen yon reprezantan Depatman Jistis ki akredite sou zafè chwa ou genyen pou jwenn yon estati Imigrasyon pèmanan. Yon avoka imigrasyon oubyen yon reprezantan akredite pral evalye si ou kalifye pou yon estati pèmanan. Si ou kalifye pou yon fòm pèmanan estati imigrasyon, li toujou rekòmande pou pouswiv li, kèlkeswa ki moun ki prezidan Ozetazini. **[Mete kat Rezidans Pèmanan ou an laa]**

4. Sonje byen sèlman avoka imigrasyon ak reprezantan ki kalifye ou byen akredite ka ba ou bon konsèy legal. Fè atansyon ak notè oubyen notè piblik ki pa otorize oubyen kalifye pou bay konsèy sou zafè imigrasyon. Yo pral gaspiye tan ak lajan ou, epi yo ka mete ou ansanm ak ka imigrasyon w lan nan gwo risk.

5. Anvan ou anboche yon moun pou ede w ak ka imigrasyon lan, mande pwofesyonèl la pou kalifikasyon l' genyen. Èske moun nan se yon avoka oubyen yon reprezantan akredite? Konbyen eksperyans moun nan genyen nan lwa imigrasyon? Klike sou lyen sa a pou plis enfòmasyon sou magouy ak magouyè imigrasyon. Al gade tou nan anyè/bwoshi sa a pou w jwenn yon founisè sèvis legal otorize ki ka ede w pou yon pri ki ba oubyen ki pap chaje.
6. Tout moun k ap viv Ozetazini gen sèten dwa debaz jan konstitisyon ameriken an prevwa. Moun ki gen estati imigrasyon tanporè gen dwa sa yo tou. Konnen dwa w epi ou pa bezwen pè egzèsè yo lè w ap kominike avèk lapolis oubyen ak ofisye imigrasyon ak ladwann (ICE).
7. Si lapolis oubyen yon ofisye imigrasyon poze w kesyon oubyen entèroje w, sonje ou gen dwa sa yo:
 - a. Ou ka refize pale ak yo. Ou pa oblije di ki bo ou t fe oubyen kijan ou antre Etazini.
 - b. Si ou pa yon sitwayen ameriken epi yon ofisye imigrasyon mande ou papye, ou dwe montre yo si ou gen papye yo ak ou. Si w gen plis pase 18 an, se pou dokiman imigrasyon w yo toujou sou ou. Si ou pa gen papye imigrasyon, di ou vle rete an silans.
 - c. Ou gen dwa pale ak yon avoka.
 - d. Anvan ou siyen anyen, pale ak yon avoka.
 - e. Toujou genyen sou ou on [Know Your Rights card](#) epi montre li si yon ofisye imigrasyon kanpe w (cheche on kat laa nan lang pa w)

Ou bezwen plis enfòmasyon ak èd?

Silvoulplè itilize lyen anba yo pou ka jwenn èd legal gratis oubyen ki pa koute chè nan vil wap viv la.

Immigration Advocates Network (*list national tout kote ou ka jwenn èd legal gratis oubyen ki pa koute chè*):



ImportaMí (*pou ti jen ki antre Etazini san paran oubyen moun ki responsab yo*):



